



Indero n'ubumenyi vyo gukingira abana Ivyo abavyeyi n'abarezi bakwiye kumenya

Izina ry'ishuri
Name of school

Imyaka bagezemwo
Participating Year/s

Igitigiri c'ivyigwa biga mw'iyinga
Number of lessons per week

Umuntu wo kw'ishuri bashobora kuvugana
School contact person

Telefone z'uwo muntu
Contact telephone number

Banyakwubahwa bavyeyi n'abarezi

Uyu mwaka abanyeshuri bo mu myaka yerekanywe aho hejuru bazogira uruhara mu cirwa ntahara citwa ugutera imbere ku giti c'umuntu, amagara hamwe n'imyimenyerezo yo ku mubiri (Personal Development, Health and Physical Education (PDHPE)).

Bimwe mu bigize gahunda y'ishuri ryacu muri PDHPE harimwo icirwa ntahara citwa ugutera imbere ku giti c'umuntu, amagara hamwe n'imyimenyerezo yo ku mubiri. Bimwe mu bigize ivyigishwa mu ndero n'ubumenyi vyo gukingira abana harimwo ibintu bihambaye. Ishuri rizokwigisha ivyo bintu mu buryo abana b'iyoye myaka babitahura.

Ivyo bintu kanaka bidasanze bizokwigishwa mu ndero y'ubumenyi vy'ugukingira abana birerekanwa ku rukaratazi rukurikira.

Ku zindi nkuru zirengeye izi ku vyerekeranye n'indero n'ubumenyi vy'ugukingira abana ja kuri [Child protection and respectful relationships education](#) (indero n'ubumenyi vy'ugukingira abana n'imigenderanire yubashwe) ikigabane c'igisata c'indero ku buhinga ngurukanabumenyi bwa PDHPE.

Igitigiri c'ivyigwa kw'iyinga muri iki giceaho indero n'ubumenyi vyo gukingira abana bizigishwa cerekanywe aho hejuru.

Nimba ukeneye izindi nkuru zirengeye izi, usabwe kurondera umuntu bacako kuri iyo shuri, amazina yiwe n'inomero ziwe vyerekanywe aho hejuru.

Ibikorwa vyo gusobanura mu zindi ndimi

Nimba ukeneye umusobanuzi wo kugufasha gushikira ishuri, usabwe guhamagara kuri telefone y'ibikorwa vyo gusobanura kuri 13 14 50 kandi uce usaba umusobanuzi mu rurimi rwawe. Uwuri ku mashini azoca ahamagara kw'ishuri maze ahabwe umusobanuzi ku murongo kugira ngo agufashe muri ico kiganiro. Ntuzorihishwa amahera kuri ivyo bikorwa vy'uwagusobanuriye.

Uwanyu

Umuyobozi (Principal)

Mu bigize ibizokwigwa mu ndero n'ubumenyi vyo gukingira abana harimwo:

The content which will be covered in child protection education includes:

(Staff to tick the relevant boxes below for Stage 3 content.)

Uburenganzira n'ivyo bategerezwa gukora
Rights and responsibilities

Uburenganzira n'ivyo bategerezwa gukora mu migenderanire
Rights and responsibilities in relationships

Ibigumbagumba bifitaniye isano no kwumva yuko utari mu mutekano
n'uburyo bwo kuvyifatamwo
Emotions related to feeling unsafe and ways to manage these

Uburyo butandukanye bw'imigenderanire n'igituma buhindagurika
Different types of relationships and why they change

Gukoresha ububasha burengeje mu migenderanire
Abuse of power in relationships

Ibipfa kuvugwa ku bitsina n'ivyitezwe
Gender stereotypes and expectations

Uburyo butandukanye bwo kugirira nabi abantu harimwo uburyo bwo ku mubiri,
mu bishobisho no ku vyerekeye agasuzuguro mu mibonano mpuzabitsina
Different types of abuse including physical, emotional and sexual abuse

Ingeso zo kunyuzura harimwo no kugirira nabi abantu
Bullying behaviour including harassment

Inani zo gushigikirana no gusaba impanuro no gutabarwa
Support networks to ask for advice and support

Ivyo umuntu yokora kugira ngo agume mu mutekano no gusaba gufashwa
Strategies to stay safe and ask for help

Ibikorwa n'inyifato vyerekana ukwubaha hamwe n'ugushiramwo abandi
Actions and behaviours that show respect and inclusion of others